ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАУЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№224 (22.882) • 2014 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 13, махуэку • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Федерацэмкіэ Советым и лІыкІуэхэр Индонезием щыІащ

ЛъэныкъуитІыр щызэпсалъэм КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхуКІащ хъугъуэфЫгъуэхэр къыщІэхынымрэ туризмэмрэ я ІэнатІэхэм щызэдалэжьэнымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

«ДЭ ДИЭЩ зыхуэбгъэдэн щымыІэ предприятэ «Тэрчалмаз» заводыр. Абы хъугъуэфЫгъуэхэр къыщІэзых ІэнатІэм, апхуэдизыр автомобиль промышленностым папщІэ Іэмэпсымэхэр ещІ, - къыхигъэщхьэхуКІащ КІуэкІуэм. -Дауи иджыпсту пыухыкІауэ унафэ гуэрхэр къыпхуэщтэнукъым, ауэ узэгупсыс хъунухэр щыІэщ».

Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкІэ фІыкІэ узыщыгугъын къыкІэлыкІуэ ІэнатІащ туризмэр. КъБР-м и Іэтащхьэм къыдэгугъуэтэмкІэ, Индонезием и цІыхухэм я деж щІэупщІэ щагъуэтын хуейщ Іуащхьэмахуэ аІэпэ и курортхэм.

ИлъэсищІэм щегъэжьауэ Урысейм и цІыхухэр визэ ирамыгъэтхыу Индонезием кІуэну хуит ящІыну я мурадщ. Апхуэдэ Іуэхуфіхэр къроКІуэ къэралитІыр политикэ ІэнатІэм жьдкэру зэрыщыщэлажьэм.

УФ-м Федерацэмкіэ и Советым и пресс-Іуэхущ Іапіэм и тхыгъэхэм къыхэтхыжащ.

● Дыгъуасэ

Чеченов Ануар и къулыкъущІэ

Щэкіуэгъуэм и 12-м КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и зимычэзу зэІущІэ Налшык, Правительствэм и уэнм щызэхэтащ. Ар къызэІуихащ икІи иригъэкІуэкІащ Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ, «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Жэмал.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщі **Битокъу Владимир** КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий и цІэкІэ къыхилъхьащ республикэм и Парламентым и Тхьэмадзу лэжьа **Чеченов Ануар** Жылагъуэ палатэм и унафэщІу хахыну. Абы арэзы тІэхъуэу къэпсэлъащ Жылагъуэ палатэм хэтхэу **Вэрокъуэ Владимир, Беппаев Суфян, Федченкэ Людмилэ** сымэ. Абыхэм Чеченов Ануар къэрал политикэ лэжьакІуэу зэрыщытыр, а ІэнатІэр хузэхьэну къызэралъытэр къыхагъэщащ.

Жылагъуэ палатэм хэтхэм зэдзэарэзыуэ Чеченов Ануар унафэщІу хахащ.

Абы къыкІэлыкІуэу «Заман» газетым и редактор нэхъыщхьэ Аттаев Жэмал газет лэжьыгъэмрэ Жылагъуэ палатэм и унафэщІым и къуэдзэ ІэнатІэмрэ зэдэпхыну зэрыгугъур жиІэри, иужьрей и кьулыкъур щхьэщхьиу лъэІуащ. Палатэм хэтхэм Аттаев Жэмал и лъэІур хуагъэзэщІащ.

КьищынэмыщІауэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм щагъэзащІэ къалэнхэр щхьэщхащ Дыджэ Арсенрэ Чернышовэ Маринэрэ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Энергетикэ

Арэзы щытохъуэ

2014 - 2015 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырым и паспортыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и чэзум къратыжащ. КъБР-м энергетикэмрэ тарифхэмкІэ и Къэрал комитетым и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Кучменов ТІэхьир ар щыжиІащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щІыналъэм и электроэнергетикэм и псэуалъэхэр бжьыхьэ-щІымахуэ зэманым зэрыхуагъэхьэзырым теухуауэ иджыблагъэ Псыхуабэ щызэхэта зэІущІэм.

ЭЛЕКТРОКЪАРУР шынагъуэншэу къэгъэсэбэпынымкІэ федеральнэ штабым и унафэщІым и кьуэдзэ, Урысей Федерацэм энергетикэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Черезов Андрей иригъэкІуэкІа зэхьихьэм щызэпкьрахащ электроэнергетикэм и предприятэхэр гъэсынпхъэхэмкІэ къызэрызэрагъэпэщым, КИФДІ-м и щІыналъэхэм къагъэсэбэпа электрокъарум и уасэмкІэ ятелъ щІыхуэхэр зыхуэдэм, токыр щхьэхуэу езыт ІэнатІэхэмкІэ зэрызэхурикъум пыщІа Іуэхуугъуэхэр, апхуэдизу электроэнергетикэм и псэуалъэхэм эфІагъэкІа зэгъэпэщыжьыныгъэ лэжьыгъэхэр къыщащІытэжащ.

ЗэІущІэм щагъэбелджылащ КИФДІ-м и электросистемэхэм я лэжьыгъэр зэдэууэ кьызэрызэрагъэпэщыну щыкІэр, Урысейм Техникэ кІэлъыплъыныгъэмкІэ и Іуэхущ Іапіэм и Іэщ ІагъэлІэжьым электроэнергетикэм и псэуалъэхэм я щытыкІэр къапщытащ. Зэхьыхьэм щедэІуащ 2014 - 2015 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зэрызыхуагъэхьэзырым теухуауэ энергокомпаниеихэм я унафэщІхэмрэ КИФДІ-м и щІыналъэхэм я лІыкІуэхэмрэ ящІа докладхэм.

Урысейм Энергетикэмкіэ и министерствэм, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и Аппаратым, КИФДІ-м и нэгъуэщІ Іэнатіэхэм щыщхэр, федеральнэ, щІыналъэ энергокомпаниехэм, щІыпІэ штабхэм я Іэтащхьэхэр зэІущІэм хэтащ.

Зытепсэлъыхьахэр щызэхилъхьэжым, 2014 - 2015 гъэхэм я бжьыхьэ-щІымахуэ лъэхъэнэм зыхуэгъэхьэзырыным хуэунэтІауэ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я гъэзащІакІэр властым и кьудамэхэмрэ КИФДІ-м и энергокомпаниехэмрэ зэфІагъэкІахэм Черезов Андрей арэзы тІэхъуащ.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

● Махуэ гъэпІэ

Васильев Сергей и псалъэ.

Тхьдэшхуэ зиІэ Іэнатэ

Щэкіуэгъуэм и 10-м Налшык щагъэлъэпІащ УФ-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэр. Абы теухуа пшыхь нэхъыщхьэм Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапІэм щызэхуишэсат Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщІхэр, депутатхэр, полицэм хэтхэр, а ІэнатІэм и ветеранхэр, жылагъуэ лэжьакІуэхэр. Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я ныпхэр утыку къыщІрахьэм, псори зэгъусэу къэтэджри, къэралым и гимным едэІуащ.

КЪЫЗЭХУЭСАХЭР ирагъэпльащ полицэм и генерал-полковник, УФ-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министр Колокольцев Владимир и хъуэхъу зытетха видеом. «Нобэ Урысейм и МВД-р зыхуэдэ псомкІи зэгъэпэща, уеблэмэ языныкъуэ унэтІынигъэхэмкІэ нэгъуэщІ къэралхэм я полицэм ефІакІ ІэнатІэщ. Апхуэдэ зэхъуэкІынигъэфІхэр зи гуащІэр, дауи, абы хэт езы Іэщ ІагъэлІхэрщ: офицер ирехъу, участковэу, гъэзу инспектору, къэпщытакІуэу щрет. Си фІэщ мэхъу дэтхэнэри и лэжьыгъэм зэрыхуэпэжыр», - жиІащ Колокольцевым.

КъБР-м и Іэтащхьэм, Правительствэмрэ Парламентымрэ къабгъэдэкІыу къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм я лэжьакІуэхэм екъуэхъуащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщі Егоровэ Татьянэ. «Урысейм и къэралыгъуэр щызэфІэуува лъэхъэнэ псоми къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ органхэм я лэжьыгъэр кьыхэщу, купщІафІэу щытащ. Фи Іуэхущ Іафэхэрщ жылагъуэхэр сыт щыгъуи щынагъуэншэ зыщІыр, ахэрщ лІыгъэм и щапхъэу щІэблэм яльагъур, - захуигъэзащ полицэм и лэжьакІуэхэм абы. - Зэман нэхъ гугуэхэми фэ зэфІэкІ ин къэвгъэльэгъуащ, фи гуащІэ, уеблэмэ фи гъащІэ фыщемыблэжар нэхъыбэщ. Махуэ къэс щІэпхъаджагъэм пэщІэтхэм, къэралым и гъэуэ хабзэхэр зыхьумэхэм фЫщІэ яхдощІ, зи кьалэныр хьэлэлу зыгъэзащІэу хэкІуэдахэмк ди щхьэр яхдогъэщхьэ». *(КІэухыр 2-нэ нап.)*

Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

Жыгыжьхэр ирах

ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ управленэм къызэрыгъэпэща комиссэ щхьэхуэм иджыпсту зэхегъэкІ дунейр щІыІэ кьэмыхъу щІыкІэ Налшык кьалэм щихьи хуей жьгхэр зыхуэдизыр.

ЗЭРЫГУРЫІУЭГЪУЭЩІИ, зи гугъу ящІынур кьэуэнкІэ щынагъуэ зиІэ жьг хэгъэукІахэмрэ сэкъат зиІэ кьудамэхэмрэщ. Кьалэдэсхэм ящІапхъэщ щхьэзыфІэфІагъкІэ зы жьгги зэрыІуамыхыр.

Иджыпсту коммунальныхэр ПащІэм и цІэр зезыхьэ уэрамым щолажьэ. Комисэм къызэрихутамкІэ, абдежьм екІуэкІыу тетхэм ящІыщ жьгитху уащІугъуэ мыхъуну гъуэу хуежьащ, кьэуапэу цІыхухэми, ток кІапсэхэми зэранышхуэ яхуэхъункІэ щынагъуэу. Абы кьэхэкІыу и лъабжьэ дыдэм щыпахыну трауХащ.

ЩэкІуэгъуэм и 20-м нэсыху апхуэдэу жьг 16 ирахьи хуейуэ щытщ. Абыхэм хиубыдащ цихуэ, пкІей, дей, нэгъуэщІ жьг лІэужьыгъуэхэри.

ДзызыхуэкІуэ гъатхэм а жьг паупщІахэр здэщыта щІыпІэхэм хуэзэу апхуэдизыдыдэ жьгыщІэу хасэжьнущ.

ЩІымахуэр къэмысу ЖКХ-м и лэжьакІуэхэм кьапэщытщ кьалэ кІуэцІым дэт жьгги 100-м нэблагъэм я щхьэкІэхэр яухъунщІын хуейуэ.

Лэжьыгъэхэр щекІуэкІынущ Кировым, Ковтуненкэ, Толстоим, Пушкиным, Кьалмыкъым, Кулиевым, Суворовым, Чернышевскэм я щІэхэр зезыхьэ, Ингушэ, Дагъыстэн, Тырныауз, Безенги, Дружбэ уэрамхэм.

Іэтъуэблагъэм ит жьгхэр езыхэм кьраущІыкІын и пэ, дэтхэнэ зы кьалэдэсми щІыпІэ администрацэм хъыбар яригъэщІэн хуейщ. 42-08-32 телефон номерымкІэ зыпащІэми жэуап кьратынущ. ЩхьэзыфІэфІагъкІэ жьгхэм ящІыпщІыкІэхэм уголовнэ жэуап яхьынущ икІи етхъэкъунущ.

ЛЪОСТЭН Муэ.

● Шэджэм щІынатъэ

Зыхуей хуагъазэ

Шэджэм кьалэм и Октябрьскэ уэрамым асфальт траЛъхьащ. Абы тес унагъуэхэр илъэс 30-кІэ пэплъащ километр 1,8-рэ зи кІыхьагъ уэрамым хуиту кьыщыпкІуэ хьуэ зэІуэпэщ щыІынэм.

ИУЖЬРЕЙ илъэситІым цІыхухэм мызэ-мытІэу лъэІукІэ зыхуагъэзащ кьалэ, район администрацэхэм. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуат «Кавказ» федеральнэ гъуэгум тІыуэ зэпиупщІ а уэрамым и ныкъуэр ремонт ящІу, адрей Іыхьэр кьэзэрынар икІи ущызэкІуэнкІэ Іэмал имыІэу кумбІэмбт. ЕджанІэм кІуэ сабийхэм а гъуэгу гугъусыгъур махуэ кьэс тІэунейрэ зэпачын хуей хъурт. КьищынэмыщІауэ, уэрамыр щиухым хуэзэу кхъэр кьыщыттри, кьалэдэсхэм гугъуехьышхуэ дашэчырт.

Район администрацэм иджыблагъэ зэрызыхуагъэзэ иужьрей лъэІум Іэужьыфі иІащ: Гъэзу гугъусыгъум щыщу километр 1,5-м асфальт траЛъхьащ. Кхъэм екІуалІэ метр 200-ри мыгувэу зыхуей хуагъэзэну я мурадщ.

Октябрьскэ уэрамыр асфальткІэ ящащыкІам и мызакъуэу, ар икІи кьагъэнэхуащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Нэгузыужь хъуакъым

Щэкіуэгъуэм и 11-м Польшэм игъэльэпІащ и Щхьэхуитныгъэм и махуэр.

Абы и щІыхькІэ къэралым гуфІэгъуэ зэхьихьэу 600-м щІигъу къыщыдэгъащІэщат, ауэ нэгузыужьи мыхъуар, дуней псоми щагъэвуар Варшавэ щекІуэкІа, «ЩхьэхуитныгъэмІи и марш» зыфІащ пэкІуащ. Ар зэхэзышхэм зэрыжаІамкІэ, кьалащхьэм и уэрамхэм махуэшхуэр ягъэльэпІэну кьыдыхьат цІыху минищ.

Уэрам нэхъыщхьэм ирикІуэ цІыху мамырхэм Лъэпкъ стадионым деж къащыпэуващ нэкІуІупхъуэхэр зыІулъ гупышхуэ. Аха полицейхэм къахэуу хуежьащ мывэхэмкІэ, петардэхэмкІэ, Іугъуэ къызыпиху шашкэхэмкІэ, мафІэ кьызэрыльэлъ ІэмэпсымэхэмкІэ. А зэныкъуэкъым полицей 12-м, пэкІум хэт цІыху 24-м фэбжьыф хахащ.

Хабзэхъумэхэм псыутххэр, хьэфэм кьыхэщІыкІа шэхэр, нэпс кьыщІэзыху газ кьагъэсэбэпын хуей хьуащ, еІуящІэхэр я гъэсабырыжьи папщІэ. ЦІыху мамырхэр зэхэзуэ зыщІахэм ящыщу 276-рэ я ныбыдащ. Полицэм и комендант нэхъыщхьэм и пресс-Іуэхущ Іапіэм и унафэщІ Соколовский Мариуш зэрыжиІамкІэ, абыхэм я нэхъыбаІэр футбол клубхэм кьадэщІ гуп кьайГъэшхэм ящыщщ.

Зы унэр зэрагъэпэщыжащ

США-м мыгувэу лэжьэн щыщІидзэжынущ Дунейпсо сату центрым (ВТЦ).

ЗэрытщІэщи, 2001 гъэм фокІадэм и 11-м центрым и унэшхуитІыр къызэтрагъэщхауэ щытащ абыхэм яхуэзыунэтІу яжьэхуэ кхъухьлъатэхэм. Ар къэралым щалэжьа терактэхэм я нэхъ хьэпІэ дыдэт.

«Уиз-зэтІолъхуэныкъуэкІэ» зэджэу щыта а ухуэныгъэхэрт а къэралым щынэхъ льагэ дыдэхэр. Иджырей Манхэттэн унэр кьати 104-рэ мэхъу. Ар зэгъэпэщыжьыным доллар меларди 3,9-рэ текІуадащ. Щэкіуэгъуэм и пэщІэдзэм ирихьэлІэу абы и пэшхэм я процент 60-р бэджэнду ятащ. Мыгувэу унэм щІэтІысхьэжьынущ фирмэ, компание зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэ минхэр. Ящащхьэм ихъуреягъкІэ кьежьэкІыу лампІхэр храгъэубыдащ, кхъухьлъатэхэм жэщым гъуаз яхуэхъун хуэдэу.

Центрым и адрей унэшхэр зэфІэгъуэвжьын щаухынур дызыхуэжІуэ ильэсырщ.

● Мы махуэхэм

Щэкіуэгъуэм и 13, махуэку

♦Философием и дунейпсо махуэщ

♦ФІагъым и дунейпсо махуэщ

♦Нэфхэм я дунейпсо махуэщ

♦1956 гъэм - КПСС-м и обкомым щытепсэлъыхьащ Къэбэрдейр Урысейм езым фІэфІу зэрыгугьхэрэ илъэс 400 зэрыриКъум зэрызыхуагъэхьэзырым. Доклад зыщІар обкомым и секретарь Бэрбэч Хьэтіутіащ.

♦Адыгейм и цІыхубэ суэтыщІ, АР-м и Гербыр зыщІа **Мерэтыкъуэ Долэт** къызэралъхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦Балетмейстер, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Молей Алихьан** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦ЗэдзэкІакІуэ, радиожурналист **Мэремкъул Ларисэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 3 - 4 щыхьынущ.

Щэкіуэгъуэм и 14, мэрем

♦Фошыгъуэгъуэм (диабетым) ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦Социологым и махуэщ

♦1666 гъэм яІэу лъы хакІуэ щытащ. Ар зы хьэм кьыхашри, нэгъуэщІ хьэм хакІат.

♦ТхакІуэ **Къашыргъэ Хьэпащ** къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу.

♦Къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, УФ-м щэнхабзэмкІэ щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ **Ефэнды Джылахъстэн** и ныбжьыр илъэс 90 ирокъу.

♦ХуэакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и Лъыхъжьэ **Алмэ Алий** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Физико-математикэ щІыныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м щІыныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къэрмокъуэ Ахьмэд** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 8, жэщым градуси 4 - 5 щыхьынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● Дзэлыкъуэ щІынатъэ

Іуэху щхьэпэ

Дзэлыкъуэкъуажэ дэт курыт еджапІэ №1-мрэ №2-мрэ щеджэхэм «Кавказ» федеральнэ гъуэгум и Іуфэхэр зэщІагъэкъэбзащ.

ГЪУЭГУБГЪУ лэжьыгъэхэм иджы хуэдэ бжьыхьэ лъэхъэнэм къаехъуэ зэпытщ: гъуэгурыІуэ транспортхэм къызэранэкІ кІэрыхубжьэрыхухэм кьищынэмыщІауэ, пщІащэ кьыпльэлъэрэ зэщІэкъуэн хуейщ. Куэдрэ кьохъу ар зи кьалэн Іэнатіэхэм я закъуэ Іуэхум щыпэмылъэщи.

Класс нэхъыжьхэм щеджэ цІыкІухэм я егъэджакІуэхэр я гъусэу гъуэгубгъуэхэр зыхуей хуагъэзащ, абы иужькІэ жьгхэм сэху тракІащ. Псыхуабэ уэрыкІуэ къэрал гъуэгур кьабзэщ икІи щІэращІащ.

ЖАНОКЪУЭ Хьэутий.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гур кІуэдмэ, лъэр щІэкІыркъым.

● Хъуэхъу

Ефэнды Джылахъстэн и юбилей

Къэрал, политикэ, жылагъуэ лэжьакІуэ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, илъэс 20-м щІигъукІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министру щыта, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Налшык кьалэ къудамэм и тхьэмадэ Ефэнды Джылахъстэн Къасым и къуэм и ныбжьыр илъэс 90 зэрыриКъумкІэ дохъуэхъу.

УИ ГЪАЩІЭ гъэзугуанэм кьрилъыдэу зэфІэбгъэкІа Іузыхфіэм уи гъэзугр яГъэнэхуу, гушхуэныгъэ кьозытынрэ ар кьыбдзэзыІэтын цІыхуфІэмрэ уащымыщІэу, уи бынхэм, абыхэм кьалъхужьахэм я екъулІэныгъэм уи лъэр жан ищІу куэдрэ Тхьэм уигъэпсэу! Хэкум, ди лъахэм, лъэпкъым хуэпщІа Іуэху дахэхэм нобэ пызыщІэ Іэщ ІагъэлІхэм уагъэгуфІэу, уагъэгушхуэу куэдрэ ди япэ уитыну дыпхуохъуахъэ.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Кабардинка» ансамбль.

● Аруан щІынатъэ

Спортзалыщ Іэ къызэІуах

Аруан къуажэм дэт курыт еджапІэм мы илъэсым и кІэхэм ирихьэлІэу къыщызэІуахынущ закъуэрыбанэмкІэ спортзалыщІэ.

ШКОЛЫМ и спортзалыжьыр езыхэм я къаркІэ зэрагъэпэщыжу, закъуэрыбанэмрэ самбомкІэ зыщагъэсэну пэш къызэрагъэпэщыну иужь ихьа еджакІуэхэм район администрацэр зыхуеину псомкІи кьадэІэпыкъуащ. Иджы абы илъэси 6 ныбжьым къыщыщІэдзауэ а спорт лІэужьыгъуэм дихьэх псори екІуалІэ хъунущ.

Мы Іуэхур зэфІэувэн папщІэ къуажэдэсхэри кьадэІэпыкъуащ: лъэгур кьрагъэжьакІащ, залым и тепльэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ, тренерхэм я пэш, зытІэщІыпІэ, зыгъэпскІыпІэ щхьэхуэу хэтын зэрыхуейм тещІыхьауэ. КъБР-м Спортымкіэ и министерствэм езым кьыбгъэдэкІыу кьарет зыхуей-зыхуэфІ псори: дин, щызэбгын ахуэгъэбгъу, льэныкъуэ куэдкІэ кьэбгъэсэбэп хъуну тренажерхэр, боксым ехьэлІа Іуэхуэхэр.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Гулъытэ

ПсэукІэр тынш щащІ

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэр хэтыныщ Зи нэм имыльагъуэм я дунейпсо махуэм техуэу къыззэрагъэпэща «ДэкІуеипІэ гъуэжьхэр» акцэм. Абы епха Іуэхухэр нобэ Налшык щокІуэкІ. Зи нэм фІыуэ имыльагъуэр нэхъыбэрэ здекІуалІэ Іуэхущ Іапіэ 40-м, абы кьалэм и поликлиникэхэри хиубыдэу, я дэкІуеипІэхэр гъуэжьу алэрыщ.

НЭГЪАБЭ екІуэкІа апхуэдэ Іуэхур къыззэзыгъэпэща Кьармэ Астемыр зэрыжиІамкІэ, мы гъэм апхуэдэ жэрдэмэу даІыгъащ Ставрополь крайм, Дагъыстэн, Къэрэшей-Шэрджэс республикэхэм я щІалэгъуалэм. Іуэху щхьэпэм хэтынущ политикэ партхэм, щІалэгъуалэ жьлагъуэ зэгухьанысэм я лІыкІуэхэр.

Апхуэдэу къызэІуахынущ зи нэм имыльагъуэхэм папщІэ япэу къызэрагъэпэща сайтыр. Зи нэм имыльагъуэхэм я Къэбэрдей-Балъкъэр зэгухьанысэм хэтхэм жьІэри къыльытэурэ, Кьармэ Астемыр сайт лІэужьыгъуэт къызэриГъэпэщащ. Зыр яхуэгъэзащ зи нэм фІыуэ имыльагъуэхэм, адрейр нэфхэм. «Зи нэм сэкъат иІэ цІыхум къызэрыгъэкІ клавиатурэм и текъуэзапІэ щхьэхуэхэр къыгъэсэбэпурэ едэІуэфынущ хъыбарыщІэхэм, макъамэ, аудиотхыль, я ныбжьэгъуэхэм епсэлъэфынущ, - жиІащ Кьармэм икІи къыхигъэщащ адэкІи сайтым и лэжьыгъэр зэрыригъэфІэкІуэнэр.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Тхыдэшхуэ зиIэ IэнатIэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Къэрал кIэуцI Iэухухэмкlэ и министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей къыщIэпсальэм къыхигъэщащ зи унафэщI Iэнатlэр зэфIэувэныжмкIэ я гуащIэ яп ита ветеранхэр зэремыблэжар, щапхъэу яIэ апхуэдэ Iэхъу бгъэдыхьэкIэм и фIыгъэкIэ мы зэманым лъэпощхьэпо абыхэм зэрамыIэр. Апхуэдэуи Васильевым жиIащ щIэгъэкъуэну КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий, полицэм и генерал-полковникыр, зэралэм нэхъри зэригъэгушхуэр.

- Ди ведомствэм и тхыдэр жьыжь, Петр Езанэм и тетыгъуэм, къыщIожь. Абы и унафэкIэ къэунэхуауэ щытащ жылагъуэ гъащIэм хабзэ щызезыгъакIуэ гуп щхьэхуэхэр. 1842 гъэм пащтыхь Александр ЕтIуанэм и унафэкIэ министерствэ зыбжанэ кьызэрагъэпэщащ - дыдейр абуэхэм ящыщт. А зэманкэм къыщыщIэдзауэ хабзэхъумэ Iэнатlэм зеужь икIи ди къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу нобэр къызэдэсым къоно щIыхуэр мамыру дгъэпсэныр, - жиIащ КъБР-м Къэрал кIуэцI Iэухуэхэмкlэ и министрым.

Махуэшхуэр зыгъэлъапIэхэм ехъуэхъуащ Къэрал кIуэцI Iэухуэхэмкlэ министерствэм и Жылагъуэ советым и унафэщI Балъкъэуз Валерэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и член-корреспондент Залиханов Михаил сымэ.

Хэку зауэшхуэм и зэманым цIыхубэр зэкъуэту зэрыщытар игу къигъэкIыжри, щIеблэм я гупсысэр абы тетын зэрыхуейр къыхихъэщащ кэрал кIуэцI Iэухуэмкlэ органхэм я ветеран Марченкэ Сергей. «Узышнагъэ быдэ ди щIалэгъуалэм яIэну, нэхъыкьхэм пщIэ зэрыхуащIын акъыл ябгъэдэлъыну сохъуэхъу ди къэкIуэнур зэлъытахэм», - жиIащ абы.

Я лIыгъэм, хахуагъэм, лэжьыгъэм пэжу зэрыбгъэдэтым папщIэ, Урысейм и Президентым и унафэкIэ орденхэмрэ медалхэмкIэ Iэщlагъэлl зыбжанэ пшыхьым щагъэпэжащ, язныкьуэхэм цIэ лъапIэхэр фIащащ.

Махуэшхуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и уэрэджыIакIуэхэмрэ фIакIуэхэмрэ ягъэдэхащ, ар ялъагъуну къызыхуимыуха, я къалэныр зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм дакъикьэкIэ яхуэщIыгъуэ пшыхьым кьурихьэлIахэр.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Пщэрылъ нэхъыщхьэ

2011 гъэм ди къэралым и махуэгъэпсым щэкIуэгъуэм и 8-р хэхауэ къыщыхагъэщащ. Ар Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм я лэжьакIуэхэм я фэепльым теухуа пэкIу. Абы къырихьэлIащ республикэ МВД-м и унафэщIхэр, щIапIэ самоуправленэм и органхэм, КъБР-мкIэ МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым я лIыкIуэхэр, ведомствэм и ветеранхэр, хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэр, лэжьыгъуэхэр, ныбжьэгъуэхэр. Пэкlур къызэIуихащ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ генерал-лейтенант Васильев Сергей.

- Нобэ дигу къыдогъэкIыж сыт и лъэныкъуэкIи я къалэным хуэпэжу кьекIуэкIа ди ныбжьэгъуэхэр. Абыхэм я цIэр дэри, къыткIэлъыкIуэну щIэблэм ящыгъупщэнукъым, - жиIащ абы.

IэнатIэм и унафэщIыр хэкIуэда я лэжьакIуэхэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуэгуэзващ.

Фэеплъ пэкIум къыщыпсэлъахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэмрэ хабзэмрэ щыдэIыгъыным къыхураджащ. Абы хэм къыхагъэщащ мы махуэр я тхьэрыIуэм хуэпэжу и кIэм нэс къалэныр зыгъэзэщIаxэм я фэеплъым пщIэ щыхуащIу зэрыщытыр.

Фэеплъ пэкIум и кIэухыу къызэхуэсахэм мемориалым удз гъэгъахэр тралъхащ.

А махуэ дыдэм Прохладнэ къалэмэ къыщызэIуахащ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм я лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ. Ар къызэIуихыну хуагъэфэщащ къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ Васильев Сергейрэ хэкIуэда я лэжьакIуэм и куэщI Хъер Мухьэмэдрэ.

- Махуэ къэс лэжьыгъэр здетхьэкIым дэ сыт щыгъуи ди гум илъщ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэр, абыхэм я унагъуэхэм гулъытэ яхуэщIыныр ди лажьыгъэм и зы Iыхьэу зэрыщытым къыдэкIуэу, ар икIи ди щIэрылъщ. Нобэ ди щхьэр яхудогъэщхъ я псэ емыблэжу мамырыгъэр тыгъэ къыткъуэзыщIахэм, - жиIащ министрым.

Къызэхуэсахэр хэкIуэдахэм пщIэ хуащIу дакъикьэкIэ щымащ.

Фэеплъыр къыщызэIуахым кьурихьэлIащ Пятигорскрэ Черкесскрэ я архиепископ Феофилактрэ Прохладнэ районым и Гимам Нэгъуей Хьэсэнбийрэ. Аxэр хэкIуэда хабзэхъумэхэм тхьэ хуеуэлъIуащ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъа жылагъуэм, Прохладнэ район администрацэм я лIыкIуэхэм къыхахагъэщащ хабзэм и хъумакIуэ хэкIуэдахэм я фэеплъыр зэи зэращымыгъупщэнур, абыхэм я лIыгъэр къытщIэхуэу щIэблэхэм я щапхъэу зэрыщытынур жаIащ.

Боксерхэр утыку къохьэ

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ органхэм я лэжьакIуэм и махуэм теухуа зэхьэзэхуэ Май районым БоксымкIэ и центрым щекIуэкIащ.

ХабЗэ хъуэуэ, апхуэдэ зэпеуэхэр районым къыщызэрагъэпэщ. Мурад нэхъыщхьэр боксым зегъэужьныжьыр, спорт зэфIэкIым хэгъэхъуэныжьыр, боксер нэхъ лъэщхэр убзыхуныжьыр, зэныбжьэгъуфэ зэпыщIынэгъэ гъэбыдэныжьыр. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм хэтащ Шэрдж, Прохладнэ, Бахъсэн, Майр районхэм, Налшык къалэ, Осетие Ипщэм и щыхьэр Цхинвал и спортсменхэр.

Зэхьэзэхуэр къыщызэIуахым къурихьэлIащ «Динамо» урысейпсо физкультурэ-спорт зэгъэхьэныгъэ» Жылагъуэ-къэрал зэгъэхьэныгъэм и щIыналъэ къудамэм и унафэщI къэрал кIуэцI кIуныкъуэм и полковник Фролов Сергей, Урысей МВД-м Май районымкIэ и къудамэм и унафэщIым и къалэнхэр гIалъэкIэ зыгъэзащIэ полицэм и подполковник Ламердон Аркадий, ОВД-м и къудамэм и унафэщI къэрал кIуэцI кIуныкъуэм и подполковник Савинов Александр, Майкуэйм боксым дихьэххэм я федерацэм и тхьэмадэ Доминов Олег сымэ.

Зэпеуэм кIырикIуахэмкIэ боксер нэхъыфIхэр яубзыхуащ икIи дэтхэнэми медалхэмрэ щIыхь тхыльхэмрэ хуагъэфэщащ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Феблагъэ пшыхьым

● ХъыбарегъащIэ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым усыгъэ зыфIэфIхэр фрегъэблагъэ Бэлагъы Любэ и «Синие дожди Уиндзора» пшыхьым. Ар щэкIуэгъуэм и 15-м сыхьэт 19:00-м щИидзэу екIуэкIынущ, усакIуэ бзыльхугъэм и Iэдакъэщ IэкIхэм езыри артистхэри къеджэнущ.

Экономикэ Политикэ Махуэку Кавказ Ищхьэрэ Жылагъуэ Iуэху

Иджырей мардэхэм техьэну загъэхьэзыр

● Ди псэлъэгъуэхэр

Жэлуэгъуэм и кIэм УФ-м и Правительствэм и комиссэр арэзы техъуащ сымаджэщ тхылъхэр иджырей мардэм тегъэхьэным. Ар гъащIэм хэпща хъумэ, дохутырхэм, унафэщIхэм, сымаджэхэм я дежкIэ сытым зихъуэжыну? «КП»-м и корреспондентыр абыкIэ еупщIащ УФ-м Социальнэ страхованзмкIэ и фондым и департаментым и унафэщI Кошкин Андрей.

- Сымаджэщ тхылъхэм (больничный лист) хуэзэ ахъшэр зи мылъку къызэкI Социальнэ страхованзмкIэ фондым дызэса тхылъымпIэхэр электрон Iэмалым хуигъэкIуэну мурад щIишIар сыт?

- Псори дызэса а тхылъхэр хъыбар зэрыт тхылъымпIэ напэу араш. Абы Iэщlагъэлlыр зыхуэныкъуэ псори итщ, сымаджэм хуохабну ахъшэр зыхуэдизыр трищIыхьын хуэдэу. Иджыпсту, дуней псом технологиещIэхэм зыщыщIужь зэманым, а тхылъымпIэ напэхэр къемызэгъыж зэрыхъум и мызакъуэу, гугуyехь кьешэ.

- Сыт щыхьэкIэ?

- Сымаджэ хъуа цIыхур япэу дохутырым деж макIуэ. Дохутырым зэман трегъэкIуэда цIыхур зэрымылэжьфынум щыхьэт техьэу тхылъымпIэм итыпхъэхэр иритхэным, итlанэ регистратурэм мыхъур щытрагъэзэун хуей мэхъу. Абы щыгуэмми щыуагъэ хащIыхьуэр аргуэрыжьу кьыщратхыкIыж щыIэщ. КьыщынэмыщIауэ, Iуэхущlапlэхэмми апхуэдэ тхылъымпIэхэр икъумэн щыхьэкIэ архив зэрищIыну ахъшэ кьигъуэтын хуей мэхъу, апхуэдэуи ар зезыгъэкIуэн Iэщlагъэлlхэр бухгалтериемрэ щIэсыпхъэщ.

А кьомым ущегупсыскIэ, Iуэхур электрон Iэмалым хуэдгъакIуэмэ щынэхъыфIу пIэрэ, жьипIэу уи щхьэ къохьэ. Иджыпсту поликлиникэхэр сымаджэщхэри автоматизацэм хуокIуэ, электрон медицинэ картэхэр зэрагъэпэщ, апхуэдабзэщ Iуэхущlапlэхэм я Iуэху зехьэкIэри - зы бухгалтер программэм иролажьэ. Абы ипкъ иткIэ Социальнэ страхованзмкIэ фондри автоматизацэм хуэдгъакIуэу араш.

Сымаджэр лIыкIуэу щытын хуейкъым

- Си дежкIэ гурыIуэгъуэкIым: нэхъапэм лэжьапIэм тхылъымпIэ зэгъэпэща схьыуэ щытащ, иджы флешкэ сыгъыуэ сыкIуэну ара сысымэдажьуэ сыдэкIыжьа нэужь?

- Уэ дохутырым деж уокIуэри, уи узыншагъэр зэтыбогъэувэж. Дохутырым уэ птеухуахэр электрон медицинэ картэм иретхэ, узэрымылэжьфыну пIалъэри и гъусэу. Ухъужа нэужь, дохутырым уи сымаджэ тхылъыр компьютер программэ хэхам щызэхуещIыж.

- Дохутырым апхуэдэ программэм иритхахэр дэнэ здригъэхьыр?

- Иджыпсту доубзыху а Iуэхур зэкIэлъыгъэкIуауэ зэрыщытынур. Уэыншагъэр щызэфIагъэувэж Iуэхущlапlэм къикIыпрэ ар Фондым къэкIуэнущ, Фондым уи лэжьапIэм иригъэхьынущ я лэжьакIуэр дохутырым деж зэрыщIэр, сымаджэ тхылъ хъыбар зэрызэIуихамкIэ хэхьар иригъащIэу. ИтIанэ дохутырым тхылъыр зэхуищIужа нэужь, Фондым занщIэу ахъшэр хуреx сымаджэм цIыхуми, хуеймэ, банк картэм хурегъэхь, хуеймэ, Урысейм и пощтымкIэ Iэрегъэхьэж.

Иджыпсту мыпхуэдэ Iэмали щыIэщ: Iуэхущlапlэм и лэжьакIуэ сымаджэм ахъшэр иретри, итlанэ Фондым хурегъэхьыж. КьыщынэмыщIауэ, язныкьуэ щIипIэхэм иджыпсту щызэтраублэ сымэджам и ахъшэр Фондым занщIэу ириту.

Электрон хъыбархэр къыщIаIукIыфыну?

- Зи гугъу тщIы Iуэху зехьэкIэр зыхуей хуэзэу къэралым щызэтеублэным, дауи, зы илъэскъым икьынур, - кьыпещэ адэкIэ Кошкин Андрей. - Ар елъытащ цIыхухэм электрон Iэмалхэр къызэрагъэсэбэныфми. Къапщтэмэ, электрон ахъшэхэмрэ банк картэхэмрэ дэни щыIэщ иджыпсту, ауэ нэхъыбэм я ахъшэр я жьпым илъмэ нэхъ кьащтэ.

- ЩIэпхъаджащIэхэм ящэшынэри араш.

- Ари пэжщ. ЦIыхум теухуауэ электрон Iэмалкlэ яхъужр дуней псом щадыгъу. Ауэ абы щхьэкIэ хъдмыгъэсэбэпу хъуну иджыпей информационнэ Iэмалхэр? КьыщынэмыщIауэ, цIыхур зэрысымэджам теухуауэ ягъэхьэзыр тхылъымпIэм иратхэр мащIэщ. Ар сымаджэм и цIэунэцIэрщ, СНИЛС-рщ, тхылъыр кьыщызэIуихамрэ щызэхуищIыжа зэманым, рэщ, кьеузам и кодырщ. Адрейуэ абы ику иту кьылэжьыр, зэрылэжьа илъэс бжьыгъэ - ахэр псори лъжьапIэмрэ Пенсэ фондымрэ къэрахыу араш, псори зэхуэхьэсауэ зы щыпIэ деж щахъымэркъым, зэуIуу ядыгъуфын хуэдэу. Пэжщ, дуней псом щыщIэрыIуэ цIыхум теухуа гуэр къыщIакIуkын папщIэ щIэпхъаджащIэхэм ямыщIэн щыIэкъым, ауэ сэ пыху-сыхуу сыщыхэлъа махуитхум щхьэкIэ къызэтыну ахъшэ бжьыгъэ зыми фIэгъэщIэгъуэныну си гугъэкъым.

- Сымаджэщ тхылъыр лэжьапIэм пхьа нэужьи, ахъшэр къущатыжыр улахуэр щатым и дежщ. Электрон Iэмалыр ди гъащIэм къыхьыхьэмэ, зыгуэркIэ зихъуэжыну абы?

- Электроннэу дызэдэлажьэу щIэддзэмэ, лэжьакIуэм и ахъшэр Фондым ириту зэтедублэмэ, ФСС-м расчетыр зэрищIу, ахъшэр яIэрыхьэнущ. Ар епхауэ щытынукъым улахуэр щатыну махуэм.

Гъэунэхуныгъэм и лъэхъэнэ

- Андрей, ди район поликлиникэхэр сытым щыгъуэ техьэну «виртуальнэ» Iуэху зехьэкIэм?

- Жэлуэгъуэм и 28-м правительствэ комиссэм и зэхуэсыр екIуэкIащ, Медведев Дмитрий и пашэу. Абы проектым щыхэплъэри, арэзы щытехъуащ. Дэ ди пщэ къыдалъхьащ а Iуэхур адэкIэ дгъэкIуэтэну, хуэмурэ гъащIэм хэтпщэну. Иджы щылыалъэ зыбжанэ къыхэтхащ электрон зэдэлэжьэныгъэр, зэпыщIэныгъэр хуэм-хуэмурэ щызэтедублэну: сымаджэр - узыншагъэр щызэфIагъэувэж Iуэхущlапlэр - лэжьапIэр - Социальнэ страхованзмкIэ фондыр. НэгъуэщIу жьпIэмэ, дызыхуэкIуэ илъэсым Iэнэхуныгъэ едгъэкIуэкIыну аращ. Къэбэрдэлъэгъуэмэ, къэралыр электрон больничнэхэм щыхуэкIуэкIуэнур 2018 - 2019/20 гъэхэрщ.

Епсэлъар
ДОБРЮХЭ Аннэщ.
«Комсомольская правда»

● Лыщхьэхэр

Путин Владимир псом япэ итщ

Урысейм и Президентым мы гъэм аргуэру япэ увыпIэр щиубыдащ Forbes журналым и рейтингым. Путин Владимир япэ ищащ США-мрэ Китаймрэ я президентхэм.

ПОЛИТИКХЭМРЭ хьэрычэтыщIэхэмрэ дуней псом щаIыгъ увыпIэхэр илъэс къэс зэхэзыгъэкI журналым къызэрихутамкIэ, Путин Владимир къалъытащ дуней псом нэхъ щыцIэрыIуэу. 2013 гъэми хуэдэу, Урысейм и Президентыр япэ ищащ Обама Барак. США-м и Iэтащхьэр етIуанэ увыпIэм щытщ. Ещанэу нэхъ цIэрыIуэр Китаймрэ и Унафэщ Цзинпынрэ Сиц. ЕплIанэу щытщ Папа Римский Франциск.

Псори зэхэту Forbes журналым ихуащ политикэ, экономикэ, жылагъуэ Iуэхум пэрыт цIэ щыIэ 72-рэ. «Путин и зэфIэкIхэр дуней псом щегъэлъэгъуэдэ», - етх Forbes журналым. Абы къыхихэщащ УФ-м и Президентыр пашэу къалъытэным щхьэусыгъуэ хуэхъуахэр: Кьрымыр зэрызэгуигъэхьар, газ зэрыкIуэ бжьамийкэр зэтраухуэн папщIэ Москварэ Пекинрэ еврэ мелард 70 и уасэ зэгурыIуэныгъэ зэрызэраухьлIар (ар дуней псом щынэхъ инхэм ящыщ ухуэныгъэ проектщ).

Путиным текIуэныгъэ къыхуэзыхьа Iуэхугъуэхэм къэпщытакIуэхэм хабжащ Сирием щыIэ щытыкIэр зэтеувэжыным и зэфIэкI зэрыхилъхьар, Снуден и Iуэхур зэрригъэзэкIужар, и къэралым ехьулIэныгъэ иIэу Сочэ Олимпиадэр зэрыщригъэкIуэкIар.

Путин Владимир нэмыщI, Урысейм щыщу журналым ихуащ премьер-министр Медведев Дмитрий, «Роснефть»-м и унафэщI Сечин Игорь, хьэрычэтыщIэ Усманов Алишер сымэ.

СМИРНОВ Дмитрий.
«Комсомольская правда»

● Ахъшэ

Уасэхэм къащыщIыр сыт?

Еврэмрэ долларымрэ я уасэр хуабжьу дэуеящ. Долларыр сом 45-рэ и уасэщ, еврэм и уасэр сом 57-м нос. Сомыр пуд зэрыхъуам и щхьэусыгъуэу экспертхэм къалъытэ щIыдагъэм и уасэр зэрызэрехуэхар. ЩIыдагъэ баррелым иджыпсту къыпэкIуэр доллар 82-рэщ. Иужьрей илъэсищм къекIуэкIа уасэхэм ар я нэхъ пуд дыдэщ. Донбассым щекIуэкIа хэхъныгъэхэм и ужькIэ Урысейм Къухьэпlэ къэралхэм яхуиIэ щытыкIэри екIэкIуащ. Абы и зэранкIэ санкцэхэм щIагъэхуэбжьэнкIэ хъунущ. ЩытыкIэ гугъум ирисондэжьэрхэри къызэщIэрыуащ.

- ТХЬЭМАХУЭ кIуам сомым и уасэр дэуеят газым и Iуэхукlэ Украинэм, Урысейм, Евросоюзым зэрадхьилIа зэгурыIуэныгъэм и фIыгъэкIэ, - жеIэ «Альпари» компанием и лэжьакIуэ Бодровэ Аннэ. - Ауэ а Iуэхум сомым и уасэр зэрызэгтриIыгъэфа пIалъэр мащIэ дыдэщ.

Иужьрей махуэхэм Банк Нэхъыщхьэр (ЦБ) иужь итащ долларымрэ еврэмрэ я уасэр зэтриIыгъэну. Регуляторым махуэ къэс ищащ гъэтIылъыгъэм щыщу доллар меларди 2 - 3. Ауэ ЦБ-м кьыгурыIуащ абыкIэ сондэджэрхэр къызэрыпхуэмыгъэувыIэнри. Абы и ужькIэ сомыр яутIыпщащ. Урысей банкым сомыр зэрыхъукIэ зэтриIыгъэнущ, ауэ абы махуэм доллар мелуан 350-рэ нэхъыбэ тригъэкIуэдэнукъым.

- Сомыр иджыри дутIыпщIапкъым, абы хуэкIуэ гъэлапкъэм дыкъыщыуBыIащ, - жиIащ Банк Нэхъыщхьэм и унафэщIым и яп къуэдзэ Ксение.

ЖэпэгъуэкIи и кIэм ахъшэ аукционхэр яутIыпщащ. Банкышхуэхэм щIыхуэ иратынущ, процент мащIэ фIэкI темыхьэу. Абы щIиуфэн хуейщ долларымрэ еврэмрэ экспортым пыщIаxэр зэрыхущыщIэр. Банк Нэхъыщхьэм ипсоуи ИутIыпщIну къыщIэкIынущ мы гъэм и кIэм. АпщIондэхукIэ сомыр и пIэм иувжыну къалъытэ. Ауэ дэнэ нэсынуми къыхагъэщырхъым.

- Сомым и пщIэр ягъэлъэхъэшэуащ иджыпсту, сондджэрхэм ар езыхэт жьпхъэм ирагъэващ, - жиIащ Юдаевэм, «Россия 24» каналым интервью щриIым.

Сомыр пуд зэрыхуар къекIуэкI уасэхэм зыхьыуагъащIэ. Росстатым къызэрибжамкIэ, илъэсым и пэм инфляцэр процент 8,3-рэ хъурт. Экспертхэм къызэралъытэмкIэ, щIышылэм ирихьлIэу ар процентэ 9 - 10-м нэсынкIэ хъунущ. Банк Нэхъыщхьэм хуигъэфэща бжьыгъэхэм нэхърэ ар тIыкIэ нэхъыбэщ.

АРАКЕЛЯН Еленэ.
«Комсомольская правда»

Къуажэм дыщылэжьэну дыхуейкъым

● Узыншагъэ

Ставрополь краим и медицинэ Iуэхущlапlэхэм щылэжьэн дохутыр ягъуэтыркъым. Реаниматолог, терапевт, педиатр, кардиолог, инфекционист, невролог, хирург - куэд мэхъу аxэр зыхуэныкъуэ Iэщlагъэлlхэр. Процент 49,2-м нэблагъэщ пенсэ ныбжьым нэсауэ лажьэ щхьэ етIуанэр я бжьыгъэ. КъызэрыщIэкIыжмкIэ, хэгъуэгум щылажьэ дохутыр къэс етIуанэр пенсэм кIуащ.

Ставрополь краим и сымаджэщхэм поликлиникэхэмрэ дохутыркIэ къызэрызэгъэпэщам хуэунэтIауэ прокуратурэм иригъэкIуэкI къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэм къыпащэ. Статистикэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, иужьрей илъэсым щыхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ хэгъуэгум щыщу цIыху мин 16,7-рэ дунейм ехыжащ.

Къэрал-зэлIхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр сымаджэщхэм Iэщlагъэлlхэр зэрызэрагъэпэщыжьыр. Сымаджэхэм дохутыр Iуэхутхьэбзэ и зэманым икIи нэсу ягъуэтыркъым, медицинэ Iэмэпсымэхэр къамыгъэсэбэпу щытщ, къэрал мылькур Iисраф мэхъу.

Дохутыр ныбжьыщIэхэр къуажэм кIуэну щIыхуэмейм теухуауэ медицинэ Iэщlагъэ нэхъыщхьэ ззэныгъэгъуэта ныбжьыщIэм езыгъэжьа сымаджэщхэм кIуэн ядакъым. Абыхэм ящыщ зым и егъэджэныгъэм къэралым тригъэкIуэда сом мин 366-р ипшыныжьын хуейуэ судым тезыру трилъхьащ.

КIэлъыплъакIуэхэм ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм ямкъ иткIэ, Ставрополь дэт медицинэ еджапIэхэм щеджа ныбжьыщIиращ зэгурыIуэныгъэ езыщIылар Советскэ куейм дэт сымаджэщ нэхъыщхьэр. Ныбжьыщ Iэхэр зэреджар краим мылкъущ. Ауэ Iэщlагъэ зззыгъэгъуэта дохутырхэр я деж зэрыщымылажьэм куей сымаджэщым и унафэщIхэм гу лъатакъым. Къыхэгъэщыпхъэщ сымаджэщым щылэжьэн хуейм и ныкъэри зэрыщымылажьэр. Медицинэ еджапIэхэм щIагъэтIысхьэхэр зэреуэшхуэкIэ къызэрыхахым емылытауэ, щIыналъэр дохутыркIэ къызэрызэгъэпэщар процент 60 хъууэ аркъудейщ.

Ставрополь краим и сымаджэщхэмрэ поликлиникэхэмрэ дохутыркIэ къызэрызэгъэпэщам хуэунэтIауэ прокуратурэм иригъэкIуэкI къэпщытэныгъэ лэжьыгъэхэм къыпащэ. Статистикэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, иужьрей илъэсым щыхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ хэгъуэгум щыщу цIыху мин 16,7-рэ дунейм ехыжащ.

Къэрал-зэлIхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр сымаджэщхэм Iэщlагъэлlхэр зэрызэрагъэпэщыжьыр. Сымаджэхэм дохутыр Iуэхутхьэбзэ и зэманым икIи нэсу ягъуэтыркъым, медицинэ Iэмэпсымэхэр къамыгъэсэбэпу щытщ, къэрал мылькур Iисраф мэхъу.

Дохутыр ныбжьыщIэхэр къуажэм кIуэну щIыхуэмейм теухуауэ медицинэ Iэщlагъэ нэхъыщхьэ ззэныгъэгъуэта ныбжьыщIэм езыгъэжьа сымаджэщхэм кIуэн ядакъым. Абыхэм ящыщ зым и егъэджэныгъэм къэралым тригъэкIуэда сом мин 366-р ипшыныжьын хуейуэ судым тезыру трилъхьащ.

- Сэ илъэсихкIэ сыщыщIэр ящыщу журналым ихуащ премьер-министр Медведев Дмитрий, «Роснефть»-м и унафэщI Сечин Игорь, хьэрычэтыщIэ Усманов Алишер сымэ.

СМИРНОВ Дмитрий.
«Комсомольская правда»

Кlэрахъуэ гъэуэнкIэ зэпоуэ

Налшык щекIуэкIащ республикэм къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министрым и кубокым щыщIэбэна кIэрахъуэ гъэуэнымкIэ зэхьэзэхуэ.

УРЫСЕЙ МВД-м и Краснодар университетым и Кавказ Ищхьэрэ институтым (къудамэм) щызэхуэсат Къэбэрдей-Балъкъэрым и хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр.

Зэпеуэ гъащIэм нэхъыфIу къыщыдалъытащ Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI полковник Надежин Михаил, зэхьэзэхуэр щекIуэкIа институтым и Iэтащхьэ полицэм и полковник Щхьэгъэпсо Заурбий, къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей сымэ.

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● ЗэныкъуэкIу

Албаниемрэ Сербиемрэ зэрогъэкъуаншэ

Албаниеи и премьер-министр Рамэ Эдиран Сербиеи и премьер Вучич Александрэ Белград щрагъэкIуэкIа пресс-конференцым щызэныкъуэкъуащ.

РАМЭ Сербиер къыхуриджащ 2008 гъэм Косовэ къэрал щхьэхуэ зэрыхъуам арэзы техъуэну. ИкIи дыщIигъащ «а Iуэхур нэхъ щIэх зэфIэкIыхуКIэ, нэхъ псынщIэу итщIэ зэрыкIуэтэнур».

Сербиеи и премьер-министр Вучич Александр Рамэ къызэIэгъэстакIуэу къилъытащ. Абы къыхэтащ Косовэ къэрал щхьэхуэу щытынур Сербиеи зэи зэримыдэнур.

Иужьрей илъэс 68-м и кIуэцIкIэ албан правительствэм и Iэтащхьэр иджы япэу Бедраг кIуауэ аращ.

Сербиемрэ Албаниемрэ мэгугъэ Европэ Зэкъуэтым ихьынэу. Ауэ ахэр ЕС-м хагъэхьэн и пэ Европэм къахуегъэзыв зэпIэзэрыгъынагъэрэ гъапкъ зэгурыIуэныгъэрэ я къэралхэм щызэтраублэну.

«Хуитыныгъэ» радио.

Феблагъэ пшыхьым

● ХъыбарегъащIэ

ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым усыгъэ зыфIэфIхэр фрегъэблагъэ Бэлагъы Любэ и «Синие дожди Уиндзора» пшыхьым. Ар щэкIуэгъуэм и 15-м сыхьэт 19:00-м щИидзэу екIуэкIынущ, усакIуэ бзыльхугъэм и Iэдакъэщ IэкIхэм езыри артистхэри къеджэнущ.

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.